

18 desanm 2020

Chè fanmi,

Se te yon ane anpil nouvo defi ak chwa difisil, ki teste fòs ak andirans nou genyen lè nou mete ansanm pandan nou t ap fè fas ansanm avèk lenkoni. Nou te oblige reenvante eleman ki alabaz edikasyon piblik nan pi gwo sistèm lekòl nan peyi a, soti nan fason pou moun "ale nan klas," rive nan règleman pou bay nòt, prezans, ak tout bagay nou rankontre sou wout la.

Jodi a mwen ekri w avèk nouvo enfòmasyon sou yon lòt pilye ki fondamantal nan edikasyon pitit ou a: pwosesis aplikasyon ak enskripsyon nan lekòl segondè ane sa a, ki pral ouvri semèn 18 janvye a. Mwen vle remèsyen w pou pasyans ou pandan n ap travay depi plizyè mwa nan pale avèk fanmi, ak mennen anpil analiz pou devlope yon nouvo règleman admisyon nan lekòl segondè ki reponn avèk moman difisil n ap viv la. Nouvo règleman sa a pral sipòte eksperyans aprantisaj pitit ou a pi byen, ak eksperyans 69.000 elèv uityèm ane parèy li, pandan n ap prepare otòn 2021 an.

Vil Nouyòk gen apeprè 250 lekòl segondè otatal ki gen priyrite pou zòn jewografik, ki limite opòtinite pou elèv k ap travay di pou ale nan kèk nan lekòl ki gen plis demand nou yo dapre kote yo abite. Anplis, gen 126 lekòl segondè ki "evalye" elèv pou admisyon dapre dosye akademik, odisyon, prezans, evalyasyon espesyal, entèvyou oswa lòt tip mezi. Yo te konn konsidere dosye akademik yon elèv pou detèmine si li apwopriye pou antre nan lekòl la. Chanjman n ap pataje avèk ou jodi a gen rapò avèk tout lekòl sa yo.

Kòman kote elèv mwen an abite pral afekte aplikasyon lekòl segondè I ane sa a?

- Pou nou fè pwosesis la pi ekitab pou tout fanmi, priyrite zòn jewografik pou admisyon pou lekòl segondè ap fèmen ofiamezi nan de pwochen ane k ap vini yo. Sa vle di, apre ane pwochen, adrès kay yon elèv pa sifi pou detèmine chans li pou li antre nan kèk lekòl.
- Y ap elimine priyrite distri pou admisyon lekòl segondè ak tout lòt priyrite jewografik ane sa a definitivman—tankou kondisyon sou borough kote elèv abite— ap elimine ane pwochen.

Kòman pèfòmans akademik elèv mwen an pral afekte aplikasyon lekòl segondè I ane sa a?

- Pou rès evalyasyon yo nan lekòl segondè, lekòl yo ka chwazi pou retire oswa chanje evalyasyon yo nan ane apre a oswa yo ka kenbe yo.
- Nou ankouraje lekòl k ap kenbe evalyasyon akademik yo pou fè yon efò kowòdone pou gen pi plis ekite a nan pwosesis la, swa lè yo chwazi retire evalyasyon anplis yo kounye a oswa lè yo aplike yon Divèsite nan priyrite pou admisyon.
 - Kounye a gen apeprè 100 lekòl leta Vil Nouyòk ki bay priyrite pou gwoup elèv yo vize tankou elèv ki pa gen gwo revni, Elèv k ap aprann lang anglè ak Elèv ki nan lojman tanporè. Nou envite plis lekòl pou bay elèv ki soti nan tout orijin plis aksè.
- Pou lekòl segondè sa yo ki kenbe evalyasyon akademik yo, y ap itilize yon konbinezon egzamen ofisyèl 2018-19 yo, nòt ane avan yo ak/oswa lòt evalyasyon, depann sou kritè lekòl la fikse.
- Y ap egzije lekòl yo pou pibliye bay piblik la kritè evalyasyon akademik yo sou Myschools.

Anplis lekòl ki bay priyrite pou zòn jewografik ak lekòl ki evalye dosye akademik yo, vil la genyen tou lekòl segondè espesyalize. Lwa eta egzije DOE pou bay egzamen admisyon pou lekòl segondè espesyalize (Specialized High School Admissions Test, SHSAT) pou admisyon nan lekòl sa yo. Pou asire sante ak pwoteksyon estaf ak elèv nou yo, n ap bay egzamen SHSAT a nan pwòp lekòl presegondè elèv yo pou redui trajè ak diferan gwoup elèv. Enskripsyon pou egzamen an ouvri lendi 21 desanm 2020 epi l ap fini 15 janvye 2021. Y ap kòmanse bay egzamen an nan fen janvye.

Poukisa nou fè chanjman yo?

Kòm Chanselye, se responsabilite mwen pou m bay edikasyon ki pi bon kalite posib la pou chak timoun, pou yo ka prepare pou siksè, yon vi pwodiktif, ak pou yo gen kapasite ak ladrès yo bezwen pou yo pousuiv rèv yo. Nou dwe kontinye travay sa a kont kontèks inegalite nan vil nou an ak nan sistèm lekòl nou an ki te vin agrave ane sa a avèk enpak san pwopòsyon kriz sante COVID-19 gen sou kominate moun ki pa blan, fanmi imigran nou yo, elèv ki gen paran yo ki pa janm te gen opsyon pou yo travay lakay yo.

Pandan gen plis bagay pou nou fè pou kontinye ranpli misyon nou, ajisteman sa yo pou admision reponn avèk defi n ap rankontre kòm yon sistèm. Yo konsidere pwoblèm fanmi, elèv, ak lidè lekòl ki fè evalyasyon yo genyen sou fason evalyasyon yo se yon baryè pou plizyè elèv nan yon edikasyon ki ta sèvi yo byen. Kidonk n ap pran mezi.

Nou pral bay konsèy ak yon varyete nouvo resous nan lekòl ak biwo nou yo pou ede ou navige pwosesis la epi jwenn yon lekòl sesegondè ekselan pou elèv ou a. Ou ka kòmanse si w ale nan schools.nyc.gov/high pou jwenn plis enfòmasyon sou pwosesis la ak nan myschools.nyc pou kreye kont MySchools ou a pou ka prepare lè peryòd aplikasyon an kòmanse Pa ezite kontakte konseye pedagojik pitit ou a—se li k ap gide w pandan tout pwosesis la. Ou ka kontakte tou yon Sant Byenveni pou Fanmi (Family Welcome Center, FWC) schools.nyc.gov/welcomecenters oswa rele nan **718-935-2009**.

Chanjman sa yo montre prensip nou yo kapab tounen aksyon, epi pa gen règleman, ni fason pou fè yon bagay, ki tèlman pran rasin ou pa ka revize l nan objektif pou sèvi timoun nou yo. Nou kwè nan lekòl ki bay opòtinité egalego pou tout elèv nan pi bon edikasyon ki posib la. Nou konnen gen plis bagay pou nou fè, donk n ap antame lòt chitatapale avèk kominate lekòl yo pou ede jwenn plis enfòmasyon sou itilizasyon egzamen dosye apre septanm 2021.

Mwen vle remèsyé nou tout pou kolaborasyon nou. Nou ini nan misyon nou pou asire pitit ou a—ak chak nan 1.1 milyon kamarad li—resevwa pi bon edikasyon posib la nan pi gwo vil nan mond lan.

Avèk senserite,

Richard A. Carranza
Chanselye
Depatman Edikasyon Vil Nouyòk